

**VIL BOSTON**  
**NAN KONSÈY VIL LA**

**YON DEKRÈ K AP REGLEMANTE OPERASYON KONSTWIKSYON AK DEMOLISYON  
NAN VIL BOSTON**

*Selon Konsèy Vil Boston men sa òdonans lan di:*

**SEKSYON 1.** Kòd Vil Boston, **Chapit XVI** nan Dekrè a amande **lè nou** ajoute sa ki annapre yo apre Seksyon 16-63 sou li:

**16-64 Konstwiksyon San Danje ak Operasyon Domolisyon nan Vil Boston**

**16.64.0. Definisyon**

Nan objektif souseksyon 16-64.0 rive **16-64.8**, definisyon ki la yo ta dwe aplike:

*Komisè. Komisè Depatman Sèvis Enspeksyon oswa yon reprezantan.*

*Depatman. Depatman Sèvis Enspeksyon An.*

*Demolisyon.* Demolisyon se dekonstriksyon, eliminasyon, destriksyon nenpòt batiman oswa estrikti oswa nenpòt pati ladann.

*Enspektè Bilding:* Moun ki genyen responsablite administre ak fè respekte Kòd Konstwiksyon Eta Massachusetts an konfòmite ak M.G.L. c. 143 §§ 3 ak 3A

*OSHA.* Administrasyon Federal Sekirite Pwofesyonèl ak Sante. Ajans ki genyen responsablite pou asire kondisyon travay ki san danje ak sen pou travayè pandan 1 ap ranfòse estanda sekirite nan espas travay epi bay fòmasyon, sansibilizasyon, edikasyon ak asistans pou anplwaye prive yo.

*Sètifikasyon 30-Èdtan OSHA.* Yon pwogram sekirite konplè ke Administrasyon Federal Sekirite Pwofesyonèl ak Sante (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) otorize k ap fòme anplwaye ak anplwaye yo pou rekònèt, evite, eliminasyon ak prevansyon danje ak risk sante anviwònman travay la.

*Afidavit Plan Sekirite Sit la* Yon deklarasyon sou sèman sou yon fòm ke Depatman an detèmine k ap sètifye ke patisipan ki genyen pèmi an oswa reprezantan li te prepare epi pral egzekite plan sekirite espesifik pwojè yon sit ki defini pwoteksyon planifye kont risk potansyèl pou moun sou sit pwojè a, publik la, ak pwopriyete pandan operasyon konstwiksyon ak demolisyón epi reponn ak egzijans aplikab jan depatman an defini sa. Nan kad afidavit la, patisipan ki genyen pèmi an oswa reprezantan li pral ateste ke pwojè li a pral konfòme li ak tout règlemantasyon sante ak sekirite

OSHA.

*Kowòdonatè* Sekirite Sit la. Yon kowòdonatè sekirite se yon moun ki genyen omwen yon sètifikasyon 30-Èdtan OSHA ke pwopriyetè, ajan, manadjè konstwiksyon, oswa kontraktè jeneral sou nenpòt pwojè konstwiksyon pi gwo pase 50,000 pye kare ak tout pwojè demolisyon pou biling 4 etaj oswa pi gwo pou egzekite travay ki defini nan dekrè sa a.

*Pèmi.* Yon pèmi pou konstwiksyon, modifikasyon, oswa demolisyon yon estriktiki ke Depatman Sèvis Enspeksyon an bay.

add 2740

*Mèt Pèmi an.* Yon moun oswa yon enstitisyon ki jwenn yon pèmi nan men Depatman Sèvis Enspeksyon pou travay konstwiksyon epi ki responsab pou mennen travay selon pèmi sa a.

#### **16-64.1 Objektif ak Gwosè.**

Objektif Dekrè sa a se asire ke nenpòt operasyon konstwiksyon ak demolisyon nan Vil Boston konstwi nan yon fason pou pwoteje sante, byennèt, ak sekirite publik la anjeneral epi pwoteje pwopriyete publik ak prive kont nenpòt danje potansyèl ki gendwa soti nan operasyon konstwiksyon oswa demolisyon nan Vil la. Pa genyen ankenn dispozisyon nan Dekrè sa a ki egzije Depatman Sèvis Enspeksyon, oswa ankenn lòt enstitisyon nan Vil la, entèprete oswa ranfòse ankenn règlementasyon sante ak sekirite OSHA k ap règlemente sekirite moun ki anplwaye nan operasyon konstwiksyon oswa demolisyon.

Dekrè sa a aplikab ak tout operasyon demolisyon ak konstwiksyon nan Vil Boston eksepte pou sa yo ki gen otorizasyon egzonerasyon Pwopriyetè Kay ke Depatman Sèvis Enspeksyon bay, jan sa konsène sekirite publik la ak pwopriyete yoo.

#### **16-64.2 Responsablite pou**

##### **Pwoteksyon**

Yo pa ta dwe entèprete anyen nan chapit sa a pou anpeche moun ki angaje nan operasyon konstwiksyon oswa demolisyon pou respekte règlementasyon OSHA oswa lòt dispozisyon legal, ni nonplis entansyon pou modifye oswa diminye ankenn obligasyon ke lalwa enpoze sou nenpòt pati ki angaje nan yon operasyon konstwiksyon oswa demolisyon, sa ki genyen ladann men ki pa limite ak pwopriyetè, manadjè konstwiksyon, kontraktè jeneral, soukontraktè, travayè materyèl, pwofesyonèl konsepsyon lisansye, oswa lòt pati ki angaje nan konsepsyon son oswa teknik, konstwiksyon san danje oswa praktik demolisyon, sa ki genyen ladann men ki pa limite ak anlèvman debri, epi aji nan yon fason rezonab ak responsab pou kenbe sit konstwiksyon oswa demolisyon an san danje.

### **16-64.3 Kòd Prevansyon**

**Ensandi.**

Anplis egzijans ki genyen nan chapit sa a, operasyon konstwiksyon oswa demolisyón yo ta dwe fèt an konfòmite ak Kòd Prevansyon Ensandi Vil Boston.

### **16-64.4 Afidavit Plan Sekirite Sit Obligatwa.**

Sof nan ka yo bay yon pèmi ak yon Egzonerasyon Pwopriyetè Kay, yo pa ta dwe bay ankenn pèmi pou konstwiksyon, modifikasyon oswa demolisyón ankenn estrikti ke dekrè sa a konsène, toutotan yo pa soumèt yon Afidavit Plan Sekirite Sit bay Komisè a oswa Enspektè Bilding oswa reprezantan yo sou yon fòm ke Depatman an te detèmine

### **16-64.5 Plan Swivi Sekirite Sit Obligatwa.**

Chak patisipasan ki gen pèmi ta dwe aplike ak kenbe yon pwogram swivi sekirite sou sit la pou enpleamente plan sekirite sit ki nan afidavit yo a. Pwogram swivi sekirite sit la ta dwe genyen pou pi pití:

(a) Oryantasyon ak rapèl sekirite sit la. Chak patisipan ki genyen yon pèmi ta dwe asire li ke chak travayè ki anplwaye nan konstwiksyon oswa demolisyón osinon ki angaje sou sit la ke patisipan ki gen pèmi an angaje oswa k ap fè yon travay soukontra pou oswa nan non patisipan ki genyen pèmi sa a resevwa yon oryantasyon ak rapèl sekirite sit la pou fè revizyon sou kontni plan sekirite sit la.

(i) *Oryantasyon sekirite sit la.* Chak travayè ke patisipan ki gen pèmi an anplwaye osinon angaje sou sit sa a oswa k ap fè yon travay sou-kontra pou oswa nan non patisipan ki gen pèmi an ta dwe resevwa yon oryantasyon sekirite sit la sou kontni plan sekirite sit la avan travayè sa a kòmanse nenpòt travay konstwiksyon oswa demolisyón sou sit sa a.

(ii) *Rapèl Sekirite Sit la.* Chak travayè ki anplwaye osinon ke patisipan ki genyen pèmi an angaje sou sit sa a oswa k ap fè yon travay sou-kontra pou oswa nan non patisipan ki genyen pèmi an ta dwe resevwa yon rapèl sekirite sit la si travayè sa a (i) te fè travay konstwiksyon oswa demolisyón sou sit sa a pandan yon ane oswa plis epi (ii) gen yon ane oswa plis ki pase depi ke travayè sa a te resevwa yon oryantasyon oswa rapèl parapò ak sit sa a.

(iii) *Kontni oryantasyon sekirite ak rapèl sit la.* Rapèl ak oryantasyon sekirite ke seksyon sa a egzije ta dwe genyen ladann yon revizyon pwosedi sekirite sou sit sa a ak nenpòt aktivite riske ki ta dwe fèt sou sit sa a. Anplis, enfòmasyon ki gen rapò ak fòmasyon sekirite sit la ta dwe disponib pou chak anplwaye nan yon lang ke yo ka konprann.

(iv) *Dosye.* Patisipan ki genyen pèmi an ta dwe gen yon dosye tout oryantasyon ki te fèt sou sit la epi konsève yo sou sit la. Dosye sa a ta dwe genyen ladann pou chak oryantasyon oswa rapèl: 1. Dat ak lè oryantasyon oswa rapèl sa a te fèt; 2 Non, tit ak konpayi afilyasyon chak anplwaye ki te patisipe; epi 3. Non, tit ak konpayi afilyasyon moun kalifye ki te mennen oryantasyon oswa rapèl sa a, ansanm ak siyati moun sa a.

(b) Reyinyon sekirite avan travay. Chak patisipan ki genyen pèmi ta dwe asire yo ke chak travayè konstwiksyon oswa demolisyón ke patisipan ki genyen pèmi an anplwaye oswa angaje sou sit sa a oswa k ap fè yon travay soukontra pou li oswa nan non patisipan ki genyen pèmi sa a patisipe nan yon reyinyon sekirite avan travay anplwaye sa a, men anvan anplwaye sa a kòmanse nenpòt travay konstwiksyon oswa demolisyón nan travay sa a.

(i) *Reyinyon sekirite avan travay la*. Reyinyon sekirite avan travay la ta dwe fèt avan travay chak travayè, men avan travayè sa a kòmanse nenpòt travay konstwiksyon oswa demolisyón nan travay sa a, e se yon moun ke patisipan ki gen pèmi an chwazi, oswa ak otorizasyon patisipan ki gen pèmi an yon moun soukontraktè a chwazi. Moun sa a ta dwe genyen kapasite pou li kominike ak chak anplwaye k ap patisipe nan reyinyon sa a.

(ii) *Kontni reyinyon sekirite avan travay la*. Reyinyon avan travay la ta dwe genyen ladann aktivite revizyon ak travay ki dwe fèt pandan travay la sa ki genyen ladann enkyetid sekirite espesifik oswa risk ki asosye ak egzekisyón travay sa yo.

(iii) *Dosye*. Patisipan ki genyen pèmi an ta dwe kenbe, pou chak anplwaye, yon dosye reyinyon sekirite avan travay pou chak semèn. Dosye sa yo ta dwe genyen ladan yo pou chak reyinyon:

1. Dat ak lè chak reyinyon sa yo;
2. Non, tit ak konpayi afilyasyon chak anplwaye ki te patisipe; epi
3. Non, tit ak konpayi afilyasyon moun konpetan ki te dirije reyinyon sa a, ansanm ak siyati moun sa a.

(c) Mizajou Regilye nan Plan ak Brifing yo. Ofiramezi travay la ap avanse, patisipan ki genyen pèmi an pral modifye brifing yo pou abòde kondisyon ak atant aktyèl yo. Si gen chanjman kondisyon ki rann atestasyon Afidavit Plan Sekirite Sit la enkòrèk, nan ka sa a patisipan ki genyen pèmi an ta dwe resoumèt yon vèsyon ajou Afidavit Plan Sekirite Sit yo a.

#### **16-64.6 Kowòdonatè Sekirite Sit Obligatwa.**

(a) Chwa Kowòdonatè Sekirite Sit la Pwopriyetè, ajan, manadjè konstwiksyon, oswa kontraktè jeneral pou tout pwojè konstwiksyon ki pi gwo pase 50,000 pye kare ak tout pwojè demolisyón biling 4 etaj oswa pi gwo dwe chwazi yon kowòdonatè Sekirite. Kowòdonatè sekirite sit yo chwazi a dwe genyen omwen yon sètifikasiyon 30-Èdtan OSHA. Kote li nesesè pou plis pase yon kowòdonatè sekirite dwe sèvi sou sit la, tout enstitisyón yo dwe dakò pou chwazi yon moun sou sit sa a antanke kowòdonatè sekirite prensipal, oswa kote ki genyen yon sèl kowòdonatè sekirite, kowòdonatè sa a ta dwe otomatikman tounen prensipal kowòdonatè sekirite sit la. Kowòdonatè sekirite prensipal sit la ta dwe egzekite tout travay ak responsablite ke Dekrè sa a asosye ak kowòdonatè sekirite sit la.

(i) *Notifikasiyon pou depatman kowòdonatè sekirite prensipal sit la*. Depatman Sèvis Enspeksyon ta dwe resevwa notifikasiyon kowòdonatè sekirite prensipal sit la avan travay la kòmanse. Nan sitiayson kote yon kowòdonatè sekirite pral aji nan plas kowòdonatè

sekirite prensipal la pandan yon peryòd ki plis pase de semèn, depatman an dwe okouran. Nenpòt chanjman pèmanan kowòdonatè sekirite prensipal la egzije pou enfòme Depatman Sèvis Enspeksyon an imedyatman.

(ii) *Prezans sou sit la.* Pou konstwiksyon oswa modifikasyon yon biling, kowòdonatè sekirite a ta dwe preznan sou sit la nèt ale pandan gen travay aktif ap fèt ak pandan tout faz travay la, soti nan fouye fondasyon epi kontinye jiskaske biling nan fèmen epi tout mezi sekirite tanporè yo soti. Pou demolisyon yon biling, kowòdonatè sekirite a ta dwe preznan nèt ale pandan travay aktif ap fèt epi nan tout faz travay la, soti depi lè yo kòmanse retire nenpòt vit, amyant, oswa fasad epi, pou yon demolisyon total, kontinye jiskaske se ranblè ki rete nan nivo yo vle a, oswa pou yon demolisyon pasyèl jiskaske biling nan fèmen epi tout mezi pwoteksyon tanporè yo soti.

(iii) *Kowòdonatè ranplasan sekirite sit la.* Kote kowòdonatè sekirite prensipla sit la pa kapab sou plas, yon kowòdonatè sekirite ranplasan ta dwe aji nan plas kowòdonatè prensipal sekirite sit la epi Egzekite tout travay ak responsablité ke Dekrè sa a ak règ komisè a te pwomilge ki asosye ak kowòdonatè sekirite a. Sa ta dwe anrejistre nan rejis sekirite sit la, jan sa defini nan pati (d) seksyon an, epi ta dwe gen notifikasiyon ki al jwenn Depatman Sèvis Enspeksyon an.

(iv) *Limitasyon sou kowòdonatè sekirite prensipal k ap sèvi nan yon lòt si.* Ankenn kowòdonatè sekirite sit ke yo chwazi antanke kowòdonatè sekirite prensipal sou sit la pa ta dwe sèvi antanke kowòdonatè yon lèt sit.

(b) obligasyon kowòdonatè sekirite sit la. Kowòdonatè sekirite sit la ta dwe fè swivi sou konfòmite ak plan sekirite sit la epi egzekite tout lòt travay ke pwopriyetè oswa kontraktè jeneral la ba li pou reponn ak obligasyon legal yo.

(i) *Reyinyon sekirite chak semèn.* Kowòdonatè sekirite sit la ta dwe mennen yon reyinyon sekirite ak reprezantan apwopriye kontraktè jeneral la, manadjè konstwiksyon an, ak chak soukontraktè pou asire ke tout kontraktè yo ak soukontraktè yo konfòme yo ak plan sekirite sit la. Reyinyon sa yo ta dwe fèt omwen yon fwa pa semèn pandan genyen travay aktif k ap fèt.

(ii) *Notifikasiyon vyolasyon.* Nan ka kowòdonatè sekirite a dekouvrí vyolasyon plan sekirite sit la, li ta dwe enfòme pèsonèl sipèvizon kontraktè jeneral la oswa soukontraktè responsab kreyasyon vyolasyon an epi enfòme yo travay koreksyon ki nesesè pou korije nenpòt kondisyon danjere ki genyen. Tout vyolasyon ak travay koreksyon sa yo ta dwe anrejistre nan rejis sekirite sit la, jan sa defini nan pati (d) seksyon an. Kote gen yon travay riske oswa kondisyon rike ki gen rapò ak yon atik kote yon pwofesyonèl lisansye konsepsyon oswa yon ajans enspeksyon espesyal responsab pou enplemantasyon oswa verifikasiyon, Kowòdonatè Sekirite Sit la dwe enfòme pwofesyonèl konsepsyon responsab la oswa ajans enspeksyon espesyal la tou sou travay oswa kondisyon riske a. Tout kondisyon, travay, avi, lòd, ak aksyon koreksyon dwe anrejistre nan rejis sekirite sit la, jan sa defini nan pati (d) seksyon sa a.

(iii) *Notifikasiyon kondisyon bay depatman an.* Kowòdonatè sekirite a ta dwe enfòme

Depatman Sèvis Enspeksyon an imedyatman, nan yon fason ke Komisè a te detèmine, si li dekouvrir nenpòt kondisyon oswa ensidan riske oswa danjere ke li jije li ta dwe rapòte bay Komisè a nan nenpòt règ oswa règlemantasyon ki konfòm ak Dekrè sa a, sa ki genyen ladann travay ki pa genyen pèmi oswa itilizasyon ekipman ki pa genyen pèmi. Kowòdonatè sekirite sit la ta dwe rapòte vyolasyon règlemantasyon sekirite anviwònman travay nan nivo federal bay OSHA oswa depatman oswa ajans federal ki aplikab la nan yon fason ke depatman oswa ajans sa yo jije apwopriye.

(iv) *Verifikasiyon Espas.* Kowòdonatè sekirite a ta dwe fè verifikasiyon espas la limenm sou sit la regilyèman pandan jounen an pou konfòme li ak plan sekirite sit la.

(v) *Enspeksyon.* Kowòdonatè sekirite sit la ta dwe fè ak dokimante enspeksyon sa yo.

1. Chak jou, chak semèn ak lòt verifikasiyon selon règ komisè a.

(c) Dosye enspeksyon. Yon dosye tout enspeksyon obligatwa yo an konfòmite ak Dekrè sa a ta dwe fèt epi se kowòdonatè a ki ta dwe jere sa nan rejis sekirite sit la.

(d) Rejis sekirite sit la. Kowòdonatè sekirite sit la ta dwe jere ak kenbe yon rejis sekirite sit sou sit la. Rejis la, oswa kote ki genyen plis pase yon rejis, rejis yo an total, ta dwe genyen pou pi piti enfòmasyon sa yo:

1. Dat ak kote enspeksyon fè an konfòmite ak Dekrè sa a;
2. Dat ak non patisipan rankont yo pou satisfè egzijans Reyinyon  
Sekirite Chak  
Semèn nan;
3. Nenpòt kondisyon riske, epi dat ak kote kondisyon riske sa a ye;
4. Konpayi ak reprezantan ki te resevwa notifikasyon kondisyon riske yo;
5. Dat ak notifikasyon kondisyon riske yo;
6. Dat koreksyon kondisyon riske yo ak kalite koreksyon an;
7. Nenpòt vyolasyon, lòd pou kanpe travay, konvokasyon ke Depatman

Sèvis Enspeksyon an te voye, ansanm ak dat li te soti, dat yo te leve 1 oswa anile 1; epi 8. Lòt enfòmasyon enpòtan jan Depatman an gendwa egzije sa.

(e) Enspeksyon anrejistreman nan rejis sekirite sit la. Kowòdonatè sekirite a ki te fè enspeksyon yo ta dwe antre enspeksyon yo nan fen jounen an. Rejis sekirite sit la, oswa kote ki genyen plis pase yon rejis, kowòdonatè sekirite sit la ta dwe ranpli ak siyen chak.

(f) Chanjman antre nan sit kowòdonatè sekirite sit la. Si a nenpòt ki moman pandan jounen an yon kowòdonatè sekirite ranplasan sit la aji antanke kowòdonatè sekirite prensipal sit la, sa ta dwe antre nan rejis la, epi kowòdonatè sekirite ranplasan sit la ta dwe ekri antre a. Si yo revoke yon kowòdonatè sekirite sou sit la, oswa yon kowòdonatè sekirite kite sit la pou kèlkeswa rezon an, sa ta dwe make nan

rejis sekirite a, epi yon lòt kowòdonatè sekirite sit ta dwe fè travay kowòdonatè yo revoke sa a oswa ki absan sou sit la pou sa l ap otantifye tèt li.

#### **16-64.7 Aplikasyon.**

Depatman Sèvis Enspeksyon genyen pouvwa pou idantifye vyolasyon, kanpe travay, anile pèmi ak bay amann patisipan ki genyen pèmi, devlopè, kontraktè jeneral/manadjè konstwiksyon, ak soukontraktè ke yo jwenn ki pa konfòme yo ak Dekrè sa a.

Enspektè Bilding nan ka idantifye vyolasyon, lòd pou kanpe travay ak revokasyon pèmi.

Komisè Depatman Sèvis Enspeksyon an gendwa bay amann sou baz rekòmandasyon Enspektè Bilding nan nan fason ki annapre a:

(a) Amann pou yon maksimòm twa san dola (\$300.00) pou chak vyolasyon. Genyen vyolasyon lè yon kontraktè jeneral/manadjè konstwiksyon oswa soukontraktè pa t konfòme li ak Dekrè sa a. Y ap konte chak jou ki pa gen konfòmite kòm yon vyolasyon apa. Dispozisyon seksyon sa a gendwa aplike an konfòmite ak pwosesis dispozisyon ki pa kriminèl M.G.L. c. 40 s. 21D, epi si sa aplikab, chache kanpe vyolasyon an ak yon enjonksyon oswa lòt pwosedi tribinal.

(b)

Yo gendwa konsidere kreyasyon yon dosye non-konfòmite ak politik Vil la pi devan nan moman pou yo bay kontra konstwiksyon Pwojè Vil la Finanse ak pèmi nan avni an.

#### **16-64.8**

#### **Règlemantasyon.**

Komisè Sèvis Enspeksyon an gendwa pwomilge règ ak règlemantasyon pou aplike dispozisyon nan seksyon sa a.

#### **SEKSYON**

**2.**

Dispozisyon Dekrè sa a ta dwe pran efè 180 jou apre adopsyon li.

#### **SEKSYON**

**3.**

Si gen nenpòt dispozisyon nan Dekrè sa a ke tribunal nan yon jiridiksyon konpetan deklare envalid, donk y ap konsidere li nan fason separe ak apa parapò ak rès dispozisyon yo, ki ta dwe rete valid ak an vigè.

**MWEN SÈTIFYE KE TÈKS**

**DOKIMAN SA A, SI LI PASE NAN  
FÒM ANVAN AN, L AP KONFÒM  
AK LALWA.**

---

**ADAM CEDERBAUM TJB  
CORPORATION COUNSEL**